

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Sabada réngsé ngolah data, bisa dicindekkeun aya sababaraha data nu kapaluruh. Data anu kapaluruh, di antarana ngeunaan prak-prakan lumangsungna upacara tradisi guar bumi nu dilaksanakeun di Désa Salawana geus ngalaman parobahan. Parobahan kahiji nya éta tempat lumangsungna upacara nu mimitina di Kabuyutan kiwari mah tempatna di balé désa, nu kadua nya éta runtuyan upacara nu tadina saméméh lumangsungna upacara aya hiburan wayang kulit, kiwari mah jadi hiburan tari topéng. Jadi sabada diayakeun sababaraha parobahan, runtuyan upacara tradisi guar bumi nu dilaksanakeun di Désa Salawana kiwari nya éta, mimiti diayakeun pintonan tari topéng babakan salaku hiburan pikeun masarakat, acara tradisi masarakat désa nya éta numpeng, acara inti hajat guar bumi, jeung dipungkas peutingna ku pintonan wayang kulit salaku hiburan pikeun masarakat sarta ruwatan éta désa. Upacara tradisi guar bumi miboga tujuan pikeun ménta widi dina ngamimitian ngolah sawah sarta ménta binih nu alus sangkan hasilna mucekil.

Tina éta upacara tradisi guar bumi, kapaluruh simbol dumasar kana hasil wawancara sarta data dumasar kana analisis sémiotik tiori Peirce. Simbol jeung ma'na nu kapaluruh dumasar kana hasil wawancara aya 37, nu ngawengku 29 simbol jeung ma'na dina kalengkepan upacara, 7 simbol jeung ma'na dina paripolah upacara, sarta hijina dina tempat lumangsungna upacara. Sedengkeun data anu kapaluruh dumasar analisis tiori Peirce, nya éta 2 indeks jeung 7 simbol. Sok sanajan simbol-simbol nu kapaluruh dina upacara tradisi guar bumi aya sababaraha simbol nu miboga ma'na kapercayaan kana aturan adat jaman baheula, tapi dina éta simbol-simbol ogé réa miboga ma'na nu penting pikeun disurahan dina kahirupan. Simbol-simbol nu aya dina upacara tradisi guar bumi, bisa jadi mangrupa wadah pikeun nepikeun pangaweruh sarta piwuruk nu hayang ditepikeun ku karuhun ka anak-incuna.

Dina lumangsungna upacara tradisi guar bumi leuwih nyoko kana aturan adat karuhun, tapi ogé dibarung ku unsur kaislaman, di antarana sok diayakeun heula tawasul, tahlil, sarta du'a. Lian ti éta, kiwari mah éta upacara tradisi guar bumi téh salaku salasahiji tarékah dina ngamumulé jeung ngariksa budaya Sunda sangkan teu tumpur. Ku kituna, éta upacara tradisi guar bumi téh masih rélévan dilaksanakeun dina kahirupan mangsa kiwari, hususna masarakat Désa Salawana.

Dumasar kana hasil analisis yén simbol-simbol nu yangkaruk dina upacara tradisi guar bumi réa ma'na nu penting pikeun disurahan, sarta dumasar kana SK-KD Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda nya éta dina pangajaran maca, aya kaparigelan maca artikel kabudayaan. Ku kituna, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun salasahiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda nya éta ku cara ngajieun bahan pangajaran dina wangun artikel.

5.2. Saran

Dina ieu panalungtikan upacara tradisi guar bumi, réa pisan mangpaatna pikeun nu nalungtik. Éta hal katitén dina ieu upacara tradisi guar bumi euyeub ku ajén-inajénna. Ku kituna, dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa méré gambaran ngeunaan tradisi-tradisi nu aya di tatar Sunda hususna dina upacara tradisi nu aya patalina jeung widang tatanén.

Réngséna ieu panalungtikan, panyusun miboga saran ka sawatara pihak ngawengku:

1. Pihak Lembaga Kabudayaan

Ka pihak lembaga kabudayaan, panulis miharep sangkan bisa terus ngarojong sagala hal nu aya patalina jeung widang kabudayaan (kasundaan) sangkan kabudayaan-kabudayaan nu aya di tatar sunda téh bisa terus hirup.

2. Pihak Sakola

Sakola mangrupa tempat pikeun diajar sarta numuwuhkeun karakter siswa, ku kituna panulis miharep sangkan dina kagiatan diajar perlu diajarkeun ngeunaan kabudayaan ka siswa sangkan mikawanoh kana jati dirina nya éta Sunda.

3. Pihak Guru

Ieu panalungtikan upacara tradisi guar bumi bisa dijadikeun salasahiji bahan pangajaran alternatif ngeunaan kabudayaan nu digunakeun ku guru. Sangkan siswa teu bosen dina kagiatan diajar, dipiharep guru kudu kréatif dina nepikeun pangajaran sangkan siswa bisa paham kana matéri ngeunaan kabudayaan.

4. Pihak Siswa

Panulis miharep siswa kudu maliré kana kabudayaan sorangan nya éta budaya Sunda, jeung kudu bisa ngamumulé sarta ngariksa kabudayaan Sunda sabab dina kabudayaan miboga ajén-inajén nu réa mangpaatna pikeun disurahan dina kahirupan sapopoé.

5. Pihak Masarakat

Ieu upacara tradisi guar bumi mangrupa salasahiji kabudayaan Sunda nu masih hirup di masarakat Sunda, hususna masarakat Désa Salawana. Ku kituna, panulis miharep sangkan ieu tradisi bisa dilaksanakeun unggal taunna salaku tarékah dina ngamumulé ulah nepi ka kabudayaan Sunda téh tumpur.

6. Pihak Panalungtik

Panulis miharep sangkan garapanana bisa leuwih jero deui sangkan sugema dina hasilna.